

## ABSTRAK

Isma Huwaida. 2019. **Ngaronjatkeun Kamampuh Literasi Informasi Siswa ngaliwatan Penguasaan Konsep Materi Keanekaragaman Hayati dina Pangajaran Biologi Orientasi Wikipedia.** Pembimbing I Dr. H. Uus Toharudin, M.Pd dan Pembimbing II Dra. Hj. Lilis Suhaerah, M.Kes.

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngaronjatkeun kamampuh literasi informasi peserta didik ngaliwatan penguasaan konsep materi Keanekaragaman Hayati dina pangajaran Biologi orientasi Wikipedia. Metodeu nu dipaké nya éta Pre-eksperimental Design nu dipaké design panalungtikan On-Group Pretest-Posttest Design. Jejer dina ieu panalungtikan ditangtukeun ku teknik random sampling nyaéta siswa kelas X MIPA 6 di SMAS Pasundan 1 Kota Bandung dina semester ganjil taun ajaran 2019-2020. Hasil panalungtikan dina aspek kognitif meunang skor rata-rata pretest 43,45 jeung skor rata-rata posttest 66,90 ogé dina hasil uji N-Gain meunang skor 0,41 kategori sedeng. Hasil panalungtikan dina aspek produk meunang skor rata-rata 73% sarua jeung kategori alus. Satulunya hasil kamampuh literasi informasi meunang skor rata-rata 80,96 kategori alus. Aya ogé hasil angket respon siswa kana pangajaran meunang skor rata-rata 81,47% kategori alus pisan. Dumasar data hasil panalungtikan bisa dicindeken yén hasil pangajaran Biologi orientasi Wikipedia ngaliwatan penguasaan konsep materi keanekaragaman hayati bisa ngaronjatkeun hasil diajar jeung literasi informasi siswa.

Kecap konci: Literasi informasi, Keanekaragaman hayati, Wikipedia